**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 22 ноябрь Рузман №52 (7866) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 11 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Райсобраниялда**

## Районалъул бюджет гьоркьоб лъуна

21 ноябралда Агъвали райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана «ЦIумада район» муниципалияб районалъул депутатазул иргадулаб сессия.



Сессиялъул хIалтIулъ гIахьаллъи гьабуна «ЦIумада район» муниципалияб районалъул бетIер Шамил ГIумаровас.

Депутатазул хал гьабиялде росарал суалазда гьоркьор аслияб бакI ккуна 2025 соналъе ва 2026-2027 соназул планалъулаб периодалъе районалъул консолидированнияб (цолъизабураб) бюджеталъул проекталъул ва 2025 соналъе район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъе лъагIалил планалъул хIакъалъулъ суалаз.

2025 соналъе районалъул консолидированнияб бюджеталъул доходазул къадар бихьизабун буго 790165,9 азарго гъурущ, гьеб ккола 2024 соналъул бюджеталде данде ккун 1044,4 процент.

Районалъул бюджет гIуцIун буго ункъо аслуялдаса: дотация-146580,0 азарго гъурущ, субвенция-495816,9 азарго гъурущ, субсидия-23708,9 азарго гъурущ, налогал ва налогал гурел доходал-124060,0 азарго гъурущ.

Бюджеталъул харж гьабизе бихьизабун буго -797726,0 азарго гъурущ, бюджеталъул дефицит бахинехьин буго 7561,0 азарго гъурщиде.

Депутатаз гьединго хал гьабуна 2024-2025 соназе муниципалияб районалда энергоресурсаздаса ва бухьеналдаса пайда босизе рихьизарурал лимитазул.

Гьоркьор лъурал суалазда хурхун депутатаз хIукмабиги къабул гьаруна.

Данделъиялъул ахиралда районалъул бетIер Шамил ГIумаровас бицана социалияб рахъалъ район цебетIеялъе исана гьабураб ва гьабизесеб хIалтIул.

## Шамилил фондалъул цIияв нухмалъулев



Гьал къояз МахIачхъалаялда Дагъистаналъул жамгIиял хIаракатчагIаз вищана имам Шамилил цIаралда бугеб халкъазда гьоркьосеб фондалъул цIияв нухмалъулев.

Цебе букIараб фондги къан, цIигIуцIараб фондалъул нухмалъулевлъун вищана Абулмуслим МуртазагIалиев.

Абулмуслим ккола Гъуниб районалъул Кулласа гIалимчи, юридикиял гIелмабазул доктор, хIалтIулев вуго Дагъистаналъул пачалихъияб университеталда.

Ахирал соназ фондалъе нухмалъи гьабуна ГIалиасхIаб Хархачаевас.

## Извещение

**О проведении торгов по продаже транспортных средств (электронный аукцион – открытый по составу участников и открытый по форме подачи предложений по цене в электронной форме)**

Администрация муниципального района «Цумадинский район» реализует следующее движимое муниципальное имущество:

Лот №1: Автомобиль LADA 217030
Начальная цена: 386 000 руб. 00 коп.
Размер задатка: 77 200 руб. 00 коп.
Шаг аукциона: 19 300 руб. 00 коп.

Лот №2: КО 440-2 (Мусоровоз)

Начальная цена: 101 000 руб. 00 коп.
Размер задатка: 20 200 руб. 00 коп.
Шаг аукциона: 5 050 руб. 00 коп.

Лот №3: CHEVROLET NIVA. 212300,

Начальная цена: 151 000 руб. 00 коп.
Размер задатка: 30 200 руб. 00 коп.
Шаг аукциона: 7 550 руб. 00 коп.

Дата начала приема заявок на участие в аукционе: 22 ноября 2024 года с 17 час.00 мин. по московскому времени.

Дата окончания приема заявок на участие в аукционе: 20 декабря 2024 года в 17 час. 00 мин. по московскому времени.

Дата, время рассмотрения заявок и признание претендентов участниками аукциона: 23 декабря 2024 года в 15 час. 00 мин. по московскому времени.

Дата, время подведения итогов аукциона: 25 декабря 2024 года в 15 час. 00 мин. по московскому времени.

Место проведения аукциона по продаже муниципального имущества в электронной форме: электронная торговая площадка -АО «Сбербанк - АСТ», размещенная на сайте utp.sberbank-ast.ru в сети Интернет (раздел «Приватизация»).

Информационное сообщение о проведении аукциона по продаже муниципального имущества в электронной форме, а также проект договора купли-продажи имущества размещается на официальном сайте Российской Федерации для размещения информации о проведении торгов www.torgi.gov.ru, официальном сайте муниципального образования www.mo-tsumada.ru и в открытой для доступа неограниченного круга лиц части электронной площадки на сайте utp.sberbank-ast.ru.

Подробную информацию также, можно получить в отделе экономики, налогов, имущественных и земельных отношений администрации муниципального района «Цумадинский район» и по телефону +7(273)2-52-13

**ВатIан цIуни-нилъер щивасул борч**

## Призывник армиялде регIана



Цебе, советияб заманалда, кидаго рохалилаб ахIвал-хIалалда регIулаан нилъер районалда армиялде гIолохъаби. Хасго гьеб рахъ гIуцIадго, рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIулаан ТIадгъаквари. Росдал культурияб рукъалъул хIалтIухъабаз жигар бахъулаан росдал гIолохъаби армиялде регIулелъул гьезие рекIелгъей гIуцIизе, ВатIаналде кIудияб рокьигун гьел нухарегIизе.

Ахирал соназ гьеб лъикIаб гIадат киса-кибего хвезе тана. Амма гIадатлъун билълъараб нухарегIи гьанжеги цIигьабизе байбихьана тIадгъакварисез. Гьале дагьав цеве росдал жамагIаталъ армиялде регIана ХIажи Мирзаев. ХIажи нухарегIизе рачIарал росдал администрациялъул бетIер Шамил ХIасбулаевас, районалъул имам Юсуп Мирзаевас, призывникасул эмен АбутIалибица,



росдал школалъул мугIалим МуртазагIали ГIабасовас, росдал культурияб централъул нухмалъулев МухIамад Мирзаевас, СВОялда гIахьаллъулев кIиго рагъухъанасул эбел ПатIимат Исаловалъ ХIажие гьаруна насихIаталъулал кIалъаял, ВатIаналда цебе ракIбацIцIадго рагъулаб хъулухъ тIубазе ва, бер къапичIого, цIумадисезул цIар борхатго цIунизе ахIана гьев.

Тадбиралъул ахиралда районалъул имамас ХIажие нух битIиялъе ва рагъда ругел гIолохъаби бергьенлъигун тIадруссиналъе дугIаги гьабуна.

**М. Мирзаев,** ТIадгъаквари росдал КДЦялъул нухмалъулев

# Сириялда дун - дагъистанияв, Дагъистаналда - сириялъулав. Дицаго дун рикIкIуна магIарулавлъун

Лъебергоялде гIунтIун соналъ цебего гIагарай гIаданалъул къваригIелалъ щун йикIана берал сахгъариялъул республикаялъул больницаялде. Гьенире унаго нухда гьелъул бицунеб хабар букIана Нидаль АхIмадовичасул хIакъалъулъ: гIолохъанав тохтур вукIаниги, жиндирго иш лъикI лъалев, офтальмологиялъул бокьараб суалалъе чIванкъотIараб, гIадатияб мацIалда, бичIчIуледухъ жаваб кьолев, махщел камилав тохтур-хирург вугилан, жиндир эбелалъе операцияги гьес гьабунин абун.



Гьеб мехалъ тIоцебе рагIана дида МухIамад-Нур Нидаль АхIмадил хIакъалъулъ. БитIараб бицина, чидар пачалихъалъул гIадамал, аслияб куцалда неграл-студентал рихьун рукIаниги, ракьцояв-апараг тIоцебесеб нухалъ вихьиялъги батила бокьун букIараб гьев вихьизе. Хасго цIумадисезул кьалбал рукIиналъ ва гIинда рагIизе дагьаб ругьун гьечIеб гIадаб магIарул мацIалъ гьев кIалъалев вукIиналъги цIикIкIун батила интерес. ТIиндиса ХIажидибировазул гIагарав чи вугин живан абуна гьес дир тамашалъи бихьидал ва унтаралъе хадурккун гьаризе кколел дару-сабабазе малъа-хъваялги гьарун, жеги анкьго операция бугин гьабизе хIисабалде босарабин абун цевеса ана. Цо анкьалъги бицен букIана Нидаль АхIмадил хIакъалъулъ нижер: беразул канлъиялда хурхун гIарзахъдаравщинасда гьесухъе аянги абун, хабар кIочана, живго тохтур гIадин…

Гьелдаса нахъе ана 28 сон… Цо тепсиялда данделъараб бакIалда хабар ккана дирги васасулги беразул канлъи дагьлъулеб букIиналъул ва, гIадат хIисабалда, гьикъана лъалариш лъикIав тохтуран? Нужерго цIумадисев Нидаль АхIмадги вукIун, нужее цоги тохтурзабигIаги щайилан суалалъе суалалъ жаваб кьуна гьалмагъалъ. Гьев жеги Дагъистаналдайищвугевабураб дир суалалъеги гьебго суал-жаваб букIана, муниц газеталъул хIалтIухъан (киналго харбал лъазе кколей гIаданха) жийищ йигеян. Яккана ахирзаманалъул сундулъго кумекчи-Интернеталде, балагьана информация. Ватанаха МахIачхъалаялда И.Ш. ИсмагIиловасул цIаралда бугеб медицинаялъул тIадегIанал технологиязул Централда лъикIаздаса лъикIав абун цIарги ун хIалтIулев. ГIурусаз абухъе, сам бог велел абун пикру ккана гьение ине. Квешав тохтур гьенив гьечIебльи лъала, амма МухIамад-Нурихъе иргаялда чIаразул читIир гIемер халатаб букIана цогидазулалде данде ккун. Гьаризе кколел малъа-хъвал, дарабиги малъана, щуго-анцIго батIияб халгьабиги тIобитIана, гьедигIан бещцараб жо гурин операция, ихдаллъизегIан яхI гьабеянги абун.

Лъабабилеб моцI буго дараби гьарулеб (тIинкIулеб, лъалаго хIасил лъикIлъулеб буго, божи буго хадубккунги иш квеш букIинарин). Диего гIадин, ракьцоязеги интерес букIинин мугъажиразул васасул хIакъалъулъ лъазеян, пикру ккана цо чанго суалги гьесие кьезе, кигIанго иргаялда чIаразул къадар цIикIкIун букIаниги… Интервью хIисабалда бахъизе пикру букIана, бугониги суалазда рекъон тIоцебесеб гьумералдаса бицараб хъванго рекъон ккелин ккана ракIалде…

**Дирго хIакъалъулъ…**

Жакъаялдаса 60 соналъ цеве, 1964 соналъ гьавуна дун Сириялъул Дамаск шагьаралда ва школалдаги гьенивго цIалана. 1983 соналъ хадувккун цIализе вачIана доб мехалъ Совет Союзалъун букIараб пачалихъалде, Дагъистаналъул мединститутальде. Дир умумул Турциялде гочун руго имам Шамил асирлъун хадуб, 19-леб гIасрудул ахиралда. Дир инсул кIудияв эмен Кундилав ккола бакълъулав-Сивухъ росулъа. Гексун абулеб бакIалда гIуцIун буго мугъажираз жидерго росу. 10-15 хъизан гочун буго дол соназ Сивухъа. Гьенив гьавуна 1905 соналъ дир кIудияв эменги. Щиб гIиллаялъ лъаларо, 1930 соналъ гIагарлъиялъул дагьа-макъалго чагIигун цадахъ гьес хIукму гьабула Сириялде гочизе, амма цIикIкIарасеб къадар хутIула Турциялдаго. Гьенив гьавуна дир эменги 1933 соналъ. Дир кIодо (эбелалъул эбел) ккола ТIинди росулъа. Инкъилаб бергьун хадуб дир эбелалъул кIудада, бодул бетIер ХалилхIажиясул вац, Гуржиялъан гочун вуго Турциялде. Гьенисан гьев лъеберабилел соназ гочун вуго Сириялде. Гьенире гочарал тIоцересел дагъистанияздагьорлъ рукIун руго Гъуниб, Гьадар, ГIахъуша, Утамыш росулъа гIадамал ва гьез гIуцIун буго Дерфуль абураб росу, хутIарал-цIумадиселгун сивухъал рещтIун руго гьездаго аскIор-Джесин росулъ. Жидерго магIишаталде буссун, парахалъун букIараб халкъ гочине ккун буго 1952 соналъ кутакаб ракъдаллъиги ккун Дамаскалде. Гьенивго гьавун вугоха дунги… Дагъистан ватIан букIинги кидаго лъидаго кIочонароан доба, ва, амма щаялиго, гьанирехун нусгоялде гIагарун соналъ аравваIарав чи вукIинчIо, ккечIо. 1982 соналъ дир инсул вацгIал МухIидин Авари вукIана гьаниве вачIарав чи ва хадубккун лъагIалидаса ДагъмединститутaлдацIализе вачIана дунги. Къоло щугоялде гIунтIун хъизан буго тIиндадерил Дамаскалда дир гIагарлъиялъул. Гьединго гьел рикь-рикьун руго Америкаялде, Норвегиялде, Австриялде, Турциялде, Иорданиялде. ГIаммаб куцалъ босани, лъебергоялдаса цIикIкIун сон буго дир Дагъистаналда, жеги анцIго сон бана улка бахун къватIибехунги: кIиго соналъ Сириялда, микьго соналъ СагIудиязул ГIарабалъ хIалтIана къотIи-къаялда рекъон. Исана анцIила лъабабилеб сон буго цIидасан гIагараб Дагъистаналде вуссаралдаса. ЦIали лъугIараб 1996 соналъ хIалтIизе лъугьана республикаялъул офтальмологияб больницаялде, 2002 соналде щвезегIан цадахъго хIалтIана офтальмологиялъул кафедраялдаги.

**Махщел тIаса бищи**

Мединститутталда щуабилеб курс лъугIарав дир офтальмологиялде кIвар буссиналъе гIиллалъун ккана гьеб цIикIкIарасеб физикагун оптикаялда хурхараб букIин. Берзул унтабазул дарсазда гIемер бицунаан щиб жо кколебали бер, гьелъул кIвараллъул, БетIергьанас гьеб гIуцIун бугеб куцалъул. МухIаммад аварагасги (с.т.гI.в.) абун буго бер бугин бищун берцинаб органлъун къаркъалаялда тIад. Инсанасеги бищун хIажатаб лагалъун ккола берал. ГIадада гурелъул абулеб берал ракIалъул матIу бугин. Киевалда офтальмологиялъул конференциязда гIахьаллъана, Москваялда курсалги лъугIизаруна, хадубго 2000 соналъ цIунана медицинаялъул гIелмабазул кандидатасул цIар.

Къунсруздаса байбихьун берзул сетчаткаялде щвезегIан бокьараб диагностика гьабизе рес кьолел тIадегIанаб даражадул Японияда, Америкаялда, Германиялда къватIире риччарал аппаратал руго жакъа дун хIалтIулеб ИсмагIиловасул цIаралда бугеб медицинаялъул тIадегIанал технологиязул Централда.

ЦохIо анализ гьабун толаро гьаниб. БатIи-батIияв аппаратазда хал гьабун, захIматал суалал ругони, тохтурзабазул гIаммаб консилиум бакIарун, пикру дандбан гьабула дару, малъа-хъвай. Абизе бокьун буго циндаго беразул канлъи дагьлъани буссине, сахлъизе батилин абун, нахътIамун течIого, тохтурасухъе аян. ЧIахIиязул гьеб букIине рес буго инсульт-инфарктальул хадублъелллъун.

Лъималазул, хасго гIисиназул берал къанци баккани (телевизоралда балагьулаго, тIехь цIалулаго), берал лъехълъиялде рачин ккола гьеб, гьединлъидал халгьабизеги, данде кколел цIороберал хъвазеги рачIине ккола тохтурасухъе, гурони, гIумруялъго лъехъал бералгун хутIиялда хIинкъи цIикIкIараб буго. ЦIоробералги ран, зама-заманалдаса линзабиги лъун, хисун, сахлъи тIалаб гьабуни, кIиго-лъабго сонидаса щибго букIичIеб гIадин, беразул канлъиги цIунула, лъехълъиги уна операция гьабичIого. «КIвахIалал берал» абула гьезда, 12 сонидаса хадуб гьеб диагноз сахгьабизе цIакъ захIмат букIуна.

Краснодаралъул, Москваялъул, Санкт-Петербургалъул клиникабаздаса нахъе ккарал аппаратaлги специалисталги гьечIо нилъехъ Дагъистаналда. Цо нухалъ нижехъе вачIарав чи тIубанго сахлъичIого нахъе унаро, консультациялдаса бахъараб операциялде щвезегIан гьабизе ккараб дару-сабаб букIуна нижер (гьебго цоцае бицунел рукIана иргаялда чIаралги, тохтурасе гуреб, тIолго клиникаялъе рецц-бакъ гьабулей йигинги ккезе бегьила цо-цоязда, амма хIакъикъат гьединаб букIана). Нилъер сахлъи нилъехъ кодоб букIин кIочене бегьуларо лъидаго…

ЦIороберал ххуразул ригь гIолохъанлъулеб гуреб, гIисинлъулеб бугин абила дица. ГIилла? Якъинаб жо телефоналгун компьютерал. Гьенисан къватIире лъимал кваназегицин рахъунел гьечIо. лъикIаблъун бихьуларо эбел-инсул лъимал жалго жидедего руссун рукIинеян гьезухъе телефонал кьей. Агъу-угъу бициналде телефоназде руссинарулел руго гьитIичал, гIемералъ толел руго гьел телефоналъухъ балагьун. Гьелъул хIасил-кьойидаса кьойиде цIикIкIунеб буго канлъи дагьлъарал лъималазул къадар. Компьютераздa жаниб гIумру букIинги бичIчIула, кинабго гьенисан буго гьанже, амма берал хисун росизе тукабазда рукIунареблъиги бичIчIизе ккела чIахIияздаги: кIи-кIи сагIтидаса хIалхьи кьезе ккела беразе. ЛъагIалида жаниб цо нухалъгIаги тохтурасухъе ине ккела профилактикаялъениги.

Абизе бокьун буго халкъалда гьоркьор тIиритIарал цо-цо гIахьучIазул хIакъалъулъги. ЦIороберал тамахьо яги чагьир кколаро гьезде ругьунлъизе. Цо-цоязул хIинкъи букIуна цIороберал рани, гьезде ругьунлъани, беразул канлъи тIубан тIагIилин. ТIагIуларо, гьез гIицIго квербакъула беразеги гIаданахалъеги гIакъуба гьечIого жо бихьизе. Цогидазул пикру букIуна цIороберaз канлъи тIадеги лъикIлъизабулин абун. Гьебги буго гьадингосеб ургьун бахъараб, кьучI гьечIеб хабар. ГIарабиялъги, Сириялдаги хIалтIана, гьанивги хIалтIулев вуго-кибго батичIо, я аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисаздаги гьечIо кIущалъ берал чуреян хъвараб бакI. Дица гьеб рикIкIуна кIудияб такъсирлъун. Гьединго линзабазул хIакъалъулъги абилин: къаси-къаси рахьизе ккола гьел ва хас гьабураб жидерго лъамалъиялда лъезе (тезе) ккола радал цIидасан тIад лъезегIан. Жакъа щивасул рес буго интернеталдасанги хIажатаб баян щвезе, амма ахирисеб рагIи тохтурасухъ букIин кIочене бегьиларо, хасго дару-сабаб Алисада гьикъулезда…

**Нилъер ватIан-эбел, чидар ватIан-бесдал эбел**

41 сон буго дир гIагараб Сириялдаса гIагараб Дагъистаналде вачIун. У, у, кIиябго дие гIагараб ватIан буго. Амма Сириялда дун дагъистанияв вукIана, россиялъулавцин гурев, Дагъистаналда дун вуго сириялъулав, дунго дицаго рикIкIуна магIарулавлъун. КIиябго ватIаналъ дун кидаго къабул гьавула вас гIадин. Пайда щибха, тIолго дунялалда бикь-бикьун бугеб гIагарлъи Дагъистаналда бакIаризе букIарабани. Амма къисмат батIияб букIун бугоха щивасул, пайда щибха… Жакъа бигьа буго бокьараб мехалъ тIадеги рахьун ине цоги бакIалде, ракьалде, улкаялде. Амма нусгоялдасаги цIикIкIун соналъ цебе гьеб бигьаяб иш букIинчIо нилъер умумузе. Гьел къабул гьарураб туркazулгун сириялъулазул ракьал дица рикIкIуна ватIанлъун. Амма ракI кидаго Дагъистаналъул мугIрузда букIуна. Вохарав вуго дир лъималазул ракьлъунги Дагъистан букIиналдаса. Щибаб соналъ щола дун хъизан-лъималгун, къватIисел улкабаздаса бачIараб гIагарлъигун гIагараб ЦIумада районалде, ТIинди ва Акнада бугеб гIагарлъиялъухъе.

**Хадижат Залимханова**

### На соискание Госпремии

# Ополченец из Гигатли

Еще в начале 1999 г. в Цумадинском районе стали появляться признаки готовящегося вторжения международных боевиков. С каждым днем обстановка становилась все тревожнее. Особенно это чувствовали жители села Гигатли Цумадинского района. Боевики подтягивались к приграничному селу Кенхи Шаройского района Чечни, что на той стороне Чинтихского перевала со стороны с.Гигатли. Там находился и штаб полевого командира Абу Джафара.

Религиозные экстремисты во главе с лидером ваххабитов Багавудин Магомедовым настаивали гигатлинцев открыть им дорогу до районного центра. Категоричный отказ и несговорчивость гигатлинцев привела боевиков в ярость, а Хаттаб поклялся лично отомстить непокорникам.

В это время Гигатлинской сельской администрацией руководил Омарасхаб Исаевич Газимагомедов. Под его умелым руководством представители джамаата села вели переговоры с бандитами на территории села Кенхи и довели до них позицию жителей села. Объявив боевикам решительный отказ в представлении им дорогу в Дагестан через родное село, гигатлинцы стали срочно организовать отряды ополченцев. По периметру сельской территории жители села вырыли окопы и с оружием в руках несли дежурство около двух месяцев.

1 августа в село прибыл дагестанский ОМОН во главе с командиром Загидом Загидовым, будущим Героем России. Местные жители тепло приняли сотрудников ОМОНа и в месте с ним стали на защиту Родины. 2 августа возле перевала Чинтих на территории с. Гигатли в ходе боевых столкновений погиб капитан милиции Закаря Султанов, а боевики, не добившиеся успеха в своей операции, вернулись обратно в Чечню. Этим самым жители села во главе с Омарасхабом Исаевичем Газимагомедовым проявили патриотизм и героизм, любовь к своей малой и большой Родине.

Об этом героическом народе и о его мужественном руководителе с чувством гордости за своих земляков пишет поэтесса Сабигат Магомедова в своей поэме «Ополченец из Гигатли». Поэма написана на русском и аварском языках.

Автор подробно рассказывает о мужестве гигатлинцев, об ополченце Омарасхаба Исаевиче,о том как он возглавил на родине сопротивление вооруженным террористам, за что в последствии и был награжден орденом Мужества, о его покойном отце, который защищал Родину в Великой Отечественной войне, о сыне Ахмеде, который стоял рядом с отцом и смелость которого была отмечена медалью «За отвагу». Свою поэму Сабигат Магомедова начинает словами:

-Бесстрашное сердце! Ты смотри в глаза
Смотрела отважно геройской силой!
Не только село -горный край Дагестан
Скалой встал на дело защиты России!

О мужестве жителей села и его руководителя, которые днем и ночью стояли бок о бок с ОМОНовцами автор пишет:

...Августовские дни наступили в селе.
Кто же думал-воспряла беда на земле!
Мирный день вдруг услышал тревожную весть:
Появились бандиты с оружием здесь.

Вот, незванные гости явились с войной-
В милый край Цумадинский, в аул наш родной.
В горный доблестный край, что так мирно живет-
И пришли, и оружьем пугали народ!

Вышел Омарасхаб, честный лидер села,
И бандитам он путь преградил, как скала:
Если б с миром пришли-вы бы дружбу нашли,
А войне не ступить и на крошку земли!

Да, бандиты, оружьем увешаны, шли-
Растоптать, покорить славный край Гигатли,
Запугать, подчинить Цумаду, где орлы,-
Но столкнулись с душой-крепче горной скалы!

-Понял лидер села: скоро будет тот час,
Когда Родина просит защиты у нас.
Мирный житель свое не оставит село,-
Он орел, что гнездо закрывает крылом!

Мирный житель войну не силен погасить,
Но погибнет за Родину… Время-известить
У ОМОНа поддержку, и Омарасхаб
Шлет известье ОМОНу- послание в штаб:

Гигатлинец, ты мирный, простой человек.
В час беды ты геройски прославлен навек!
В час беды ты себя показал среди гор!
Эхом слава летит, мир ведет разговор:

**Убайдула Малачдибиров**

### Нилъерал гIатIиракьалда

# Росуцояз кIодо гьавуна

Гьал къоязда Кизляр районалъул Ясная Поляна росулъ тIобитIана гIолилазда гьоркьов Европаялъул ва Дунялалъул первенствобазда бергьарав МустафахIажи Малачдибировасул хIурматалда гIисинал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ районалъул къецал.



Къецал рагьиялъул тадбир бачарав жамгIияв хIаракатчи ХIусен Нажмудиновас МустафахIажида баркана щварал бергьенлъаби, Кизляралда ва магIарухъ гIумру гьабун ругел гIолохъабаз кIодо гьавуна МустафахIажи. МустафахIажил спортивияб гIумруялъул бицун ва гьесда бергьенлъаби баркун кIалъазе рахъана Кизляр районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Нурудин Къагьиров, гьебго Собраниялъул депутат Эльдар Къадилов, Россиялъул социалияб фондалъул Дагъистаналда бугеб отделениялъул Севериябзонаялда вугев вакил МухIамад ГIумаров, спорталъул ветеран, СССРалъул спорталъул министр ГIумархIажи ХIажимурадов, Гьигьалъ росдал школалъул учитель, жамгIияв хIаракатчи, Юнус ГъазимухIамадов, Кизляр районалъул Кардоновка росдал администрациялъул бетIер МухIамад Багьавдинов, Ясная Поляна росдал школалъул директор ХIабиб МухIамадов ва цогидалги.

**Юнус ГъазимухIамадов**

### ГIадамал, нухал, транспорт

# Нухал - гIумруялъул бидурихьал

Гьал ахирал соназ районалъул росабалъ гIемер хIалтIи гьабулеб буго нухазда. Цо-цо бакIазда росабалъе ва кулабазде рахъулел руго нухал, цо-цояз ругел свераби ва эхедераялги хвезарун ва бетон тIун къачIалел руго.



Исана райадминистрациялъул нухазул фондалъул сурсатаздалъун бетон тIун къачIана Гьигьалъ-ГIурухъ, Агъвали, Маштихи, Хуштада, ТIадгьаквари, Гъоркьгьаквари,ТIинди, Гьимерсо ва Лъондода росабалъ нухал. Ругел свераби ва эхедераялги хвезарун гIатIид гьаруна КIванкьада, Метрада ва ТIинди Кардоналде унеб нух.

Руго росаби сахаватал гIолохъабазул кумекалдалъун нухал къачIалелги. Гьал къояз КIванада росулъе жанире лъугьунеб кавуялдаса Гьимерсо унеб нухлул свердуе щвезегIан тIуна бетон. Гьелъие гIарцулаб кумек гьабуна Москваялда чIарав кIвандерил сахаватав инсан ГIабдурахIман МухIамадовас.

КIванада росдал администрациялъул бетIер Халил ПирмухIамадовасул рагIабазда рекъон гьезул пикру буго росдал аслияб къотIнобги бетон тIезе.

**Сураталда:** КIванада росдал бетон тIураб къватI.

**ГIубайдула Малачдибиров**

## Колонка прокурора

Проведенной проверкой установлено, что в следствии природных явлений (камнепады, селевые потоки, оползневые процессы нанесен ущерб газопроводу, расположенному на территории с. Гигатли-Урух Цумадинского района.

По результатам проверки межрайонной прокуратурой в адрес начальника службы газового хозяйства Цумадинского района филиала ООО «Газпром Газораспределение Дагестан» внесено представление об устранении выявленных нарушений, допущенных ввиду ненадлежащее обеспечение безопасности газовых сетей.

Представление прокуратуры рассмотрено и удовлетворено. Приняты реальные меры по устранению причиненного ущерба и обеспечения безопасности газоснабжения, и предоставления газа населению в необходимых объемах и надлежащего качества.

* * *

Межрайонная прокуратура опротестовала действия судебного пристава - исполнителя по наложению ареста на автомобиль, принадлежащий местному жителю. В ходе проверки было установлено, что транспортное средство было продано иному лицу до момента наложения ареста, что делает решение пристава незаконным.

Благодаря оперативным действиям прокуратуры, неправомерные действия были своевременно остановлены, а законные интересы нового владельца автомобиля защищены. Этот случай стал еще одним напоминанием о важности правомерности действий органов исполнительной власти и о том, что прокуратура неукоснительно следит за соблюдением законодательства во всех сферах.

**Т. Магомедов,** межрайонный прокурор

## Осенний призыв - 2024

# Сроки, условия и возраст призыва

В 2024 году осенний призыв традиционно продлится с 1 октября до 31 декабря. Как проходит набор в армию: сроки службы, основания для отсрочки и пребывания в запасе. Сроки и возраст призыва

Военный призыв в России происходит два раза в год в одно и то же время: весенний - с 1 апреля по 15 июля, осенний - с 1 октября по 31 декабря. Указ о призыве граждан на службу два раза в год подписывает президент РФ.

С 1 января 2024 года вступил в силу закон, согласно которому призыву на военную службу подлежат мужчины в возрасте от 18 до 30 лет.

Новые правила получения повестки в военкомат

С 1 ноября 2024 года в России изменятся правила получения повесток: согласно постановлению правительства от 19 апреля 2024 года, заработает специальный электронный реестр. Документ будет считаться автоматически врученным спустя неделю со дня его размещения в реестре. Уведомление об этом появится в кабинете призывника на сайте «Госуслуги». Таким образом, становится невозможным уклонение от вручения повестки.

По новым правилам со дня вручения повестки военнообязанный не сможет покинуть Россию. Запрет на выезд сохранится «до исполнения обязанности явиться по повестке в военный комиссариат» или подтверждения уважительной причины для отсрочки, среди которых: заболевание, увечье, утрата трудоспособности или тяжелое состояние члена семьи. В случае неявки без уважительной причины в течение 20 дней военнообязанный будет считаться уклонистом и в отношении него вступят в действие следующие ограничения:

-запрет на проведение сделок с недвижимостью через Росреестр;

-запрет на управление транспортным средством и получение водительских прав; невозможность регистрироваться в качестве ИП или самозанятого; невозможность получать кредиты и займы в банке.

Региональные власти имеют право вводить дополнительные ограничения, «направленные на обеспечение явки по повестке».

Уклонистам грозит уголовная ответственность (ч. 1 ст. 328 УК РФ): до 200 тыс. руб. штрафа, до шести месяцев ареста, до двух лет принудительных работ или лишения свободы.

Готовность призывника к службе определяет медицинская комиссия, в которую входит терапевт, окулист, отоларинголог, стоматолог, невролог, хирург и психиатр. После прохождения медосмотра призывнику присваивается категория годности.

**От призыва освобождаются:**

-кандидаты и доктора наук; условно осужденные; находящиеся под следствием; имеющие судимость; а также близкие родственники военнослужащих, которые погибли при исполнении.

Отсрочка положена студентам, обучающимся на очных отделениях; депутатам, сотрудникам МЧС, МВД и ФСБ; опекунам несовершеннолетних; тем, кто ухаживает за близким родственником; отцам-одиночкам; отцам двух и более детей; отцам детей-инвалидов до трех лет; а также мужчинам, чья жена носит второго ребенка (срок более 26 недель).

## Спорт

# Лъабабго даражаялъул медалазе мустахIикълъана

14-16 ноябралда Хасавюрталда тIобитIана Россиялъул спорталъул мустахIикъав мастер Шамил ГIумаханов ракIалде щвеялъе эркенаб гугариялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб 25 аб. юбилеялъулаб турнир. ХIамид ХIамидовасул цIаралда бугеб спортивияб комплексалда ракIарун рукIана нилъер улкаялъул ва къватIисел пачалихъазул лъикIалщинал гугарухъаби. ГIемер рукIана гьенир кутакалда асар гьабулел дандчIваял.




ЛъикI цере рахъана гьенир нилъер районалъул гугарухъабиги. Турниралъул чемпионлъун вахъана 79 кг. цIайиялда Акнадаса АхIмад ГIусманов. Меседил медалалдаса галиялъ нахъ хутIана Кванхиса МухIамад Себединов (61 кг.), Хъварщиса ТIалхIат ГIабдулкадыров (65 кг.) ва Эчедиса ГIабдурахIман ГIабдусаламов (74 кг.).

Мазгарул медалазе мустахIикълъана 65 кг. цIайиялда Кванхиса Эльдар АхIмадудинов ва бакIаб цIайиялъул гугарухъан Гьигьалъа СаидмухIамад Гъаирбеков.

. . . . . . . . . . . . .

# Сардилъ векерун бергьарав




Дагьаб цебе Дербенталда тIоритIана «Огни Дербента» абурал рекериялъул къецал.

Улкаялъул батIи-батIиял регионаздаса гьенив гIахьаллъана 314 спортсмен.

Каспий ралъдал рагIалда некIсияб шагьаралда тIобитIараб сардилъ рекериялъул букIана рекIее асар гьабулеб сурат. Гьенив 12 минутгун 36 секундалда лъабго километралъул манзилалъ векерун вачIана ва чемпионлъун вахъана Хуштадаса ГIабдулхаликъ ГIабдулхаликъов.

ЦIумадисез баркулеб буго ГIабдулхаликъида бергьенлъи. Божи буго ГIабдулхаликъил гьединал бергьенлъаби жеги рукIилин.

**Шамил Бадрудинов**

# Меры пожарной безопасности при эксплуатации газового оборудования

На территории Республики Дагестан за истекший период 2024 года наблюдается рост пожаров в жилом секторе, а также участились случаи взрывов газовоздушной смеси, в результате которых пострадали 36 человек, из них погибли 21 человек (в том числе 8 детей). Газовое оборудование, находящееся в доме, должно находиться в исправном состоянии, и соответствовать техническим требованиям по его эксплуатации.

При эксплуатации газового оборудования запрещается:

- пользоваться газовыми приборами малолетним детям и лицам, незнакомым с порядком его безопасной эксплуатации;
- оставлять газовые приборы без присмотра;
- открывать газовые краны, пока не зажжена спичка или не включен ручной запальник;
- сушить белье над газовой плитой, оно может загореться;
- устанавливать газовые плиты в проходах, на лестницах, вблизи деревянных перегородок, мебели, штор и других сгораемых предметов;

Если подача газа прекратилась, немедленно закройте перекрывной кран у горелки и запасной на газопроводе! Применяемый для отопления и бытовых нужд газ, смешиваясь в определенной пропорции с воздухом, образует взрывчатую смесь. Газ может взорваться, если он из-за неисправности газопровода или беспечности жильцов, проник в помещение. Для этого достаточно небольшого источника огня - от спички или искр выключателя электроосвещения.

При появлении в доме запаха газа, запрещается

- зажигать спички;
- курить;
- включать свет и электроприборы.

Необходимо выключить все газовые приборы, перекрыть краны, проветрить все помещения, включая подвалы.

Проверьте, плотно ли закрыты все краны газовых приборов.

Если запах газа не исчезает, или, исчезнув при проветривании, появляется вновь, необходимо вызвать аварийную газовую службу по телефону «04» или позвонить в единую службу спасения по телефону «01» (для абонентов сотовой связи - 112).

Помните: защита имущества от пожаров и обеспечение безопасности своего здоровья и жизни зависит только от вас! В случае возникновения чрезвычайных ситуаций следует обращаться на единый телефон вызова пожарной службы с мобильного телефона 101, единый номер экстренных служб 112.

**Валиев Бунямин,** старший инспектор ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД старший лейтенант внутренней службы

## Подписка-2025

**ХIурматиял районцоял!**

Унеб буго «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул 2025 соналъе подписка. Жигар бахъе нилъерго районалъул газета хъвазе ва гьелдаса пайда босизе. АбизегIанасеб хириябги гьечIо щибаб рузман къоялъ къватIибе бачIунеб газета. Ургъун рихье!

**«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул багьа:**
-бащдаб лъагIалие-390,48 гъур.
-лъагIалие-780,96 гъур.
**индекс:**
-бащдаб лъагIалие-51377.
-лъагIалие-63302.

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»
Тираж - 1259
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальгольи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru